



## ORANGE TOWNSHIP PUBLIC SCHOOLS

Administration Building

451 Lincoln Avenue Orange, New Jersey 07050

Tel: (973) 677-4040 Fax: (973) 677-0486

Website: <http://www.orange.k12.nj.us>

Ronald C. Lee  
Superintendent of Schools

September 8, 2015

### Right to Know & Highly Qualified Letter

Chè Paran/Gadyen:

Lwa « Elementary and Secondary Education Act » se yonn nan lwa edikasyon federal ki pi enpòtan. An 2001, lwa sa a te reparèt e kounyè a li rele « *No Child Left Behind Act* (NCLB) ». « NCLB » te fèt pou chanje fason nou anseye e aprann ki ka ede lekòl nou yo travay pi byen akademikman.

Lwa sa a mande pou tout lekòl ki resevwa lajan « Title I » dwe enfòmè paran yo pou mande lekòl yo kalifikasyon pwofesè ti moun yo. Lekòl nou an resevwa lajan « Title I » e nap trè kontan pou pataje enfòmasyon sa a avèk ou lè ou mande sa.

Nou kwè pa gen anyen ki pi enpòtan pase edikasyon lekòl ti moun ou yo ke pou yo genyen yon pwofesè ki byen prepare e ki kalifye. Lwa sa a mande pou tout pwofesè rive nan definisyon legal « highly qualified » anvan yo anseye nan lekòl ki resevwa lajan « Title I ». Definisyon legal yon pwofesè ki « highly qualified » gen twa pati. Li di ke pwofesè a dwe gen:

1. Yon degre inivèsite 4 tran
2. Yon sètifika/lisans pou anseye
3. Prèv ke yo konnen sijè yap anseye a

« New Jersey » genyen kèk nan pwofesè ki pi kalifye nan peyi a, e nou vrèman fyè de kalite pwofesè nou genyen nan Lekòl Distri Vil Oranj la. Tout pwofesè nou yo gen degre nan Inivèsite e anpil nan yo gen degre ki pi avanse toujou. Leta « New Jersey » te toujou mande pwofesè yo pou gen yon sètifika/lisans pou anseye. Anplis, chak pwofesè kontinye aprann a travè aktivite devlopman pwofesyonèl e nou evalye pwofesè nou yo chak ane pou nou ka wè si teknik yo rive kote yo dwe rive a.

Orange Board of Education Department of Human Resources ap travay pou mentni manda lwa « NCLB » ke tout nouva peofesè dwe demontre ke yo byen kalifye pou manda pozisyon yo a.

Pou asire ke tout ti moun nan chak klas gen yon pwofesè ki byen kalifye, Leta « New Jersey » e distri lekòl la ap travay ansanm pou ede pwofesè yo rive kote manda lwa federal la mande pou yo rive a paske nou ba yo plizyè opsyon. Nou rekòmande pou tout pwofesè pran ekzamen nesèsè pou demontre ke yo konnen matyè yap anseye pou klas e sijè yap anseye a. Nap kontinye ofri opòtinite pou devlopman pwofesyonèl, modèl ansèyman ki bon avèk pwogram pou ede ti moun nou yo.

Yon pwofesè ki byen kalifye konnen sa li dwe anseye, kòman pou li anseye li e li genyen yon konpreansyon de matyè ke lap anseye a. Nou travay anpil pou asire ke chak pwofesè nan lekòl nou yo trè kalifye e dedye pou anseye ti moun ou yo, jan definisyon legal gouvènman federal la mande l la.

Mwen ankopouraje ou pou sipòte edikasyon ti moun ou yo e kominike avèk pwofesè ti moun ou yo souvan. Pou plis enfòmasyon sou « NCLB », e wòl paran « Title I » yo, silvoulè, vizite wèbsit « United States Department of Education » nan [www.ed.gov/nclb](http://www.ed.gov/nclb). Lè ni fanmi ni pwofesè travay ansanm, nou ka ofri ti moun yo pi bon edikasyon ki posib la.

Sensèman,

Ronald C. Lee

Superintendent of Schools